

## Mesaj pou tout paran

Chè paran,

Nou menm direksyon, pèsònèl kap ankadre nan lycee Mana, nou tout ap travay pou pitit ou yo. Nou bay tout tan nou pou yo kapab gen yon diplòm, jwenn travay pou ya kapab byen konpòté yo nan sosyete ya.

Misyon nou ki se enseye ak edike men nou pap kapab akonpli l san èd ou. Sa gen kèk tan elèv yo ap goumen entreyo chak jou, dènyèman gen youn nan yo ki rive pote ak itilize yon mato. Gen twòp vyolans kap fèt pi plis. Lekòl ki se yon kote pou vin etidye ak aprann blije fenmen pòt li pandan 4 jou akòz ensekirite.

Yo rapòte nou ke gen anpil elèv ki gen zam blanch tankou( ponya, mato, sizo, tounavis, peny pwenti, moso boutèy elatrye...) ak anpil lòt trafik dwòg ki ka fè yo pran prizon.

Tout elèv sispèk, ke nou kenbe nap mete li deyò, renmèt li bay paran li. Nou pa vle pyès bagay konsa rekomanse ankò.

Ou menm paran ki reprezante yon poto mitan nan kominote kap edike timoun yo, nap mande w tanpri souple kole tèt ansanm ak nou paske san èd ou, nou pap ka rive genyen batay sa pou reyalizasyon LYCEE LEOPOLD ELFORT nan MANA.

Annou travay men nan men, ansanm pou reyalizasyon pitit nou, pou reyalizasyon Lagiyan.

Direksyon ak pèsònèl LYCEE ELFORT DE MANA